



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PREPARE POU GWO TANPÈT NAN VANDREDI AK PLIZYÈ JOU GWO CHALÈ SEMÈN K AP VINI AN**

*Tanpèt vandredi yo ka afekte kèk pati nan Southern Tier, Mohawk Valley, Rejyon Kapital ak Mid-Hudson Valley avèk gwo lapli ak rafal van ki ka lakòz domaj*

*Gwo chalè ak anpil imidite ap kòmanse lendi ak kontinye semèn nan avèk tanperati "ki sanble" depase 100 degre rive mèkredi*

*Jwenn sant refwadisman nan [Eta New York](#) ak [Vil New York](#)*

*Ajans yo nan Eta a prepare pou reponn ak demann asistans yo*

*Tout Nouyòkè yo dwe siveye previzyon meteyo lokal yo*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare pou move tan vandredi ak plizyè jou gwo chalè ak gwo imidite semèn pwochèn atravè Eta a. Apati vandredi maten, yon fwon frèt ta dwe pwodui loraj, kèk avèk gwo lapli ak gwo van ki kapab lakòz domaj, pou kèk pati nan Southern Tier, Mohawk Valley, Rejyon Kapital ak Mid-Hudson Valley. Enpak tanpèt yo ka gen ladan inondasyon rapid, kondisyon vwayaj danjere ak pàn kouran. Gouvènè Hochul te ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo prepare pou plizyè jou gwo chalè apati lendi e k ap kontinye pandan semèn nan. Yo prevwa chalè ak imidite ap ogmante atravè Eta a apati lendi epi avèk tanperati ki "sanble" depase 100 degre nan madi ak mèkredi.

"Nouyòkè yo ta dwe pran tout prekosyon yo kapab pandan semèn pwochèn sa a pou yo rete fre epi rete an sekirite paske konbinezon gwo tanpèt, chalè, ak imidite pral reprezante yon gwo risk sante pou Nouyòkè vilnerab yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pral kontwole ak anpil atansyon enpak move tan an epi nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo siveye previzyon meteyo yo ak anpil atansyon, rete idrate, epi gen yon plan si yo bezwen rafrechki yo pandan tan sa a."

Nou ankouraje Nouyòkè yo enskri pou alèt ijans lè yo [abone ak NY Alert](#) (Alèt NY), yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans esansyèl sou telefòn oswa òdinatè w. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite [sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal \(National Weather Service\) la.](#)

## **Aktivite Ajans lan**

### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Divizyon Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) la an kontak ak tokay lokal yo epi yo prepare pou fasilite demann pou asistans. Rezèv eta yo gen pèsònèl epi yo pare pou deplwaye resous entèvansyon ijans ak atik jan sa nesèsè.

### **Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a ap siveye kondisyon meteyo yo epi li prepare pou reponn avèk plis pase 3,470 sipèvizè ak operatè. Tout anplwaye sou teren yo disponib pou angaje konplètman epi entèvni. Anplwaye yo ka konfigire nan nenpòt kalite ekip entèvansyon ki nesèsè, sa gen ladan entèvansyon nan ka inondasyon, dechiktez, chaj ak transpò, aparèy presyon dlo pou egou, koupe ak lanse, siyal trafik, elatriye. Tout rezidans nan kote ki afekte yo pral gen anplwaye ak operatè, sipèvizè, ak mekanisyen pandan tout tan evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,439 gwo kamyon abèn baskil
- 322 gwo chajè
- 86 ekskavatris sou ray ak sou kawotchou
- 93 dechiktèz
- 20 aparèy pou fè nivèlman
- 14 kamyon aspiratè ak jè egou
- 11 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl
- 5 bulldozè

Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon antan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oubyen vizite <https://www.511ny.org/#:Alerts>, sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Otorite Thruway a genyen 670 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk eskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou

kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 350 Gwo Kamyon Baskil Abèn ak Ti Kamyon
- 63 chajè
- 32 Trelè
- 7 Kamyon Aspiratè
- 13 Ekskavatri
- 8 dechiktèz ak bwòs
- 100 twonsonez
- 19 kamyon aeryen
- 22 chajèz ak direksyon
- 86 jeneratris pòtab
- 69 inite ekleraj pòtab

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) epi swiv [@ThruwayTraffic](#) sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

### **Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)**

Konpayi sèvis piblik yo ki reglemante pa Depatman Sèvis Piblik la gen apeprè 5,500 travayè ki disponib nan tout eta a pou angaje yo nan efò reparasyon ak restorasyon pou sistèm move tan ivènal nan kèk pwochen jou yo. Pèsonèl DPS la pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire konpayi sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo. Si yo sispann sèvis ou a, vizite [sit entènèt Entèripsyon Sèvis Piblik DPS la](#) pou jwenn konsèy.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a ap kontinye kontwole kondisyon metewolojik yo epi l ap deplwaye twoup adisyonèl nan zòn ki afekte yo jan sa nesèsè. Tout machin katpakat ak veyikil espesyalize Lapolis Eta a yo, tankou motonèj, idwoglisè, ak veyikil itilite tou tèren yo estasyon epi ekipman ki nesèsè yo pare pou entèvansyon imedya jan sa nesèsè. Yo teste tout ekipman elektrik ak komunikasyon pou ijans yo epi y ap fonksyone nan fason ki apwopriye.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la (New York State Department of Environmental Conversation)**

Anplwaye Jesyon Ijans DEC, Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Gad Forè yo ak anplwaye rejyonal yo an alèt epi yo ap siveye sitiwayon ki ap devlope a

ak previzyon metewo yo. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt entèkansyon ijans.

Sekirite ak preparasyon pou randone yo trè enpòtan kèlkeswa kapasite fizik yon randone, destinasyon oswa epòk nan ane a. Kondisyon metewolojik zòn rekile yo ka chanje toudenkou, epi tout itilizatè yo ta dwe prepare kòm sadwa pou asire yon eksperyans agreyab ak pi an sekirite. Tcheke [previzyon pou zòn rekile yo](#) pou kondisyon metewo yo anvan w kòmanse fè randone. Gen lòt enfòmasyon sou sekirite randone ki disponib nan <https://dec.ny.gov/things-to-do/hiking/hike-smart-ny>.

Pou kenbe Nouyòkè yo "[konsyan sou kalite lè a](#)", DEC bay previzyon sou kalite lè a chak jou pou asire enfòmasyon sou kalite lè a disponib nan men Nouyòkè yo. Pou w tcheke kondisyon sou kalite lè lokal, [enskri pou w resevwa Alèt sou Kalite Lè](#) atravè livrezon DEC yo oswa vizite sitwèb DEC la: <https://dec.ny.gov/environmental-protection/air-quality/air-quality-index-forecast-current-observations>.

### **Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) nan Eta New York**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèkansyon nan ka tanpèt. Vizite pak yo dwe vizite <https://parks.ny.gov/>, tcheke aplikasyon mobil gratis [NY State Parks Explorer](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### **Konsèy sekirite**

Prepare pou kondisyon metewolojik ki grav:

- Konnen kote kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Sere dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou men.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

### **Rete Fre nan Gwo Chalè**

Si w pa gen aksè a klimatizè lakay ou, idantifye zòn gratis nan katye w kote w ka ale pou w rete fre tankou yon bibliyotèk piblik, pisin oswa sant komèsyal:

- [Klike isit la](#) pou w jwenn yon sant refwadisman ki toupre w.
- Pou sila yo ki nan Vil New York, ale sou [Opsyon Fre Vil New York yo](#).

Pou plis konsèy sou sekirite, vizite [Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)